



DAT : 17 jen, 2022
POU : Manm Komite Skolè Boston an
KI SOT NAN MEN : Matt Holzer, Direktè, lekòl Boston Green Academy
Alex Chu, Prezidan, Konsèy Administrasyon lekòl Boston Green Academy
OSIJÈ : Demann pou amandman (pou Modifikasyon) nan charter (kontra) lekòl Boston Green Academy a

Kòm ou kapab konnen deja, lekòl Boston Green Academy (BGA) se yon lekòl Horace Mann Charter « andedan distri a », ke Konsèy Administrasyon Edikasyon Elemantè e Segondè a te mete sou kontra, avèk apwobasyon Komite Skolè Boston an ak Sendika Pwofesè Boston an pou divès tèm senk an. Charter (kontra) lekòl BGA la te orijinèlman apwouve kòm yon lekòl segondè Lekòl Piblik Boston ki t ap afwonte divès difikilte e ki t ap « rekòmanse », li arive renouvle twa fwa ; renouvèlman pi resan an se te an 2021. Lekòl BGA se yon lekòl ki renome nan tout peyi a pou ekselans li demontre parapò a edikasyon ; li kontinye enskri yon popilasyon divès e ki gen anpil bezwen, li popilè pami divès fanmi toupatou nan vil la, avèk yon lis datant fòmèdab ; e li se youn nan lekòl segondè non selektif ki atenn plis siksè nan sistèm Lekòl Piblik Boston an selon plizyè mezi, pami yo : to obtansyon diplòm, to abandon etid, ak divès rezilta nan egzamen MCAS yo.

Aprè retablisman charter a (kontra a), tout lekòl charter Horace Mann anba obligasyon pou yo soumèt yon Memorandòm Konpreyansyon ant lekòl la (Boston Green Academy - BGA) ak distri ki ebèje l la (Lekòl Piblik Boston - BPS), ki dekri divès akò operasyonèl ant de (2) pati yo, ansanm ak yon Plan Kontrandi ki dekri divès mezi evalyasyon ke lekòl la detèmine pou tèm kontra a (anplis de sa ki mansyone nan Strikti Kontrandi Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a - DESE). Toude dokiman sa yo konsidere kòm divès amandman (modifikasyon) charter a (kontra a) e yo bezwen apwobasyon Konsèy Administrasyon lekòl la, Sendika Pwofesè Boston an (Boston Teachers Union), ak Komite Skolè Boston an, avan yo kapab voye yo bay Komisè DESE a pou yon apwobasyon final. DESE deja bay yon apwobasyon preliminè pou toude dokiman yo pou asire ke yo konfòm a regleman yo e ke Konsèy Administrasyon lekòl BGA la ak BTU (Sendika Pwofesè Boston an) arive apwouve yo avan demann sila a pou konsiderasyon Komite Skolè a.

Lekòl BGA t ap negosye MOU a (Memorandòm Konpreyansyon an) avèk Biwo Konseye Legal Lekòl Piblik Boston an pandan plis pase si (6) mwa (depi desanm 2021 jiska me 2022), kote ke toude pati yo te arive dakò sou yon dokiman ki pratikman idantik a Memorandòm Konpreyansyon ki nan tèm kontra presedan lekòl BGA la (de 2016 jiska 2021). Kominote lekòl BGA la te devlope Plan Kontrandi an nan lane 2021 pou idantifye divès metrik (divès mezi) kontrandi ki te ka aliye avèk misyon lekòl la ak divès eleman kle, epitou pou kontinye angajman nou pou n amelyore akonplisman elèv yo ak ekite an favè yo. Nou te soumèt yo ansanm dekwa pou Komite Skolè a kapab konsidere, nan yon fason efikas, tout amandman lekòl la tousuit.

Nou voye ansanm avèk lèt sa a kopi toude dokiman yo, ansanm avèk Deklarasyon Enpak Ekite nou an, pou w kapab egzamine. Nou espere diskite divès amandman kontra nou an (charter nou an) avè w nan reyinyon komite skolè k ap fèt madi, 21 jen, 2022 a. Nou disponib pou n pale sou dokiman sa yo avè w alavans avan reyinyon an, si toutfwa sa ta ede : nan nimewo telefòn (857-210-5261) oswa nan adrès imel : mholzer@bostonpublicschools.org.